

**You may use the template below to notify parents/guardians of their student's participation in the Fall 2021 computer-based administration. Please customize this letter, as applicable, by modifying the red fields and placing the letter on school or district letterhead prior to sending. You may also use this language to post to your school or district website or distribute to parents/guardians via email.**

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran sou òdinatè ELA Writing/Reading Retakes and/or Algebra 1/ Geometry/Biology 1/U.S. History End-of-Course (EOC) assessment(s) during the testing window from September 14-October 8. Egzamen Repriz FSA ELA a fèt sou yon peryòd twa jou e li gen ladan yon sesyon 120 minit Ekriti ELA e de (2) sesyon 90 minit Lekti ELA. Pou sesyon Repriz Ekriti FSA ELA a ak Repriz Lekti ELA a, nenpòt elèv ki pa t konplete yon sesyon nan fen peryòd tan yo te ba li a ap kapab kontinye travay pou jiska mwatye yon jounen lekòl regilye pou sesyon sa a. Nou fè evalyasyon Aljèb 1 ak Jewometri EOC yo nan de sesyon 90 minit yo chak, sou de jou, e elèv yo ka gen jiska mwatye longè yon jounen lekòl regilye pou konplete chak sesyon. Nou fè evalyasyon Fen Kou (EOC) Biyoloji 1, Sivik, ak Istwa Etazini nan yon sesyon 160 minit, men elèv yo ka travay jiska mwatye longè yon jounen lekòl regilye.

Si ou menm oubyen elèv ou a ta renmen gen yon ide sou egzamen pratik sou òdinatè a lakay nou, gen egzamen pratik ak modèl repons ki disponib nan <https://fsassessments.org/families.html>.

Silvoulè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen oubyen elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Règ sou Kalkilatis**— Pou evalyasyon Aljèb 1 ak jewometri EOC, **elèv ka sèvi avèk kalkilatis yo apwouve pandan Sesyon 2 a sèlman**. Si elèv sèvi avèk kalkilatis yo gen nan men yo pandan Sesyon 1 an, y ap anile egzamen yo a. Pou EOC Biyoloji 1, elèv ka sèvi ak yon kalkilatis pòtab ki gen kat fonksyon sèlman si lekòl la ofri tout elèv yon kalkilatis pòtab ki gen kat fonksyon.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen FSA yo gen ladan yo yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an.” Anvan egzamen an, moun ki ap administre egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo nan klike bwat ki nan navigatè sekirize a pou endike yo konprann règ sou egzamen yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo siyen Akseptasyon Règleman Egzamen yo di, akòz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan kontni egzamen an (sa gen ladan kesyon, tèks, ak endis yo) apre egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou sit medya sosyal yo. Silvoulè asire w elèv ou a konprann “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou medya sosyal oubyen pataje enfòmasyon sou entènèt. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay yon Fason ki Endepandan**— Elèv responsab pou travay poukont yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, “Florida Department of Education (FDOE)” (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye “Caveon Test Security” (Sekirite Egzamen Caveon) pou analize rezilta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèlman yo sanble. Yo ap anile egzamen elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kòmanse yon sesyon egzamen e li kite kanpous la anvan li fini li (egzanp, pou repa midi, yon randevou), yo **pap** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvoulè sonje pou pa pran randevou pou elèv la nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan” (IEP) (Plan Edikasyon Endividyèl) oubyen yon plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Moun ki Ap Aprann Anglè), silvoulè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Erika Butterfield nan [Erika.Butterfield@browardschools.com](mailto:Erika.Butterfield@browardschools.com) or visit our website at <https://www.browardschools.com/plantationhigh>. plis enfòmasyon sou pwogram evalyasyon 'Florida Statewide Assessments', silvouplè vizite pòtal yo a nan [www.FSAssessments.org](http://www.FSAssessments.org).

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou l fè meyè efò li nan administrasyon egzamen sa a.